ЦОХIО ГIИСА МАСИГЬИЦА ХВАСАР ГЬАВУЛА

Гьелъ вас гьавила, гьесда цIарги лъела дуца ГIиса, – гьес жиндирго халкъ мунагьаздаса хвасар гьабила.
Матфейица 1:21

Аллагьасе гIалам гьедигIан бокьун буго, гьес жиндирго цохIо вугев Вас кьуна, гьесда божаравщинав чи хвечIого хутIизе, абадияб гIумру насиблъизе. Иоанница 3:16

ГIисаца гьесда абуна: – Дун вуго нухги, хIакъабщинабги, гIумруги. Дидалъун гурони, щивниги инсухъе вачIунаро. Иоанница 14:6

Цониги чиясдалъун нилъ хвасарлъизе рес гьечIо, зобалазда гъоркь гIадамазе Аллагьас кьураб тIокIаб цIар гьечIо нилъ хвасарлъизе бегьулеб. Апостолазул ишал 4:12

ТIухьдузда хъван бугелъул, МасихI нилъер мунагьал чуризе хванилан абураб буго дица нужехъе щвараб. Гьев вукъун вугин, лъабабилеб къоялъ хвауралъуса вахъинин, ТIухьдузда хъвараб къагIидаялъ.

МасихIил биялдалъун нилъ хвасар гьаруна ва нилъер мунагьалги чурун руго.
Эфесазде 1:7

And the gospel must first be published among all nations. MARK 13:10

Нилъеда тIубанго бичIчIизе кколеб ункъо хIакъикъат:
1. Аллагьасе мун цIакъ вокьула.
Гьесие бокьун буго нужее Жинда цадахъ зобалазда абадияб гIумру щвезе.
Аллагьасе гIалам гьедигIан бокьун буго, гьес жиндирго цохIо вугев Вас кьуна, гьесда божаравщинав чи хвечIого хутIизе, абадияб гIумру насиблъизе. Иоанница 3:16
Гьесие бокьун бугин нужее жинда аскIоб гIемераб ва магIна бугеб гIумру букIине.
ЦIогьор вачIунаро бикъизе, чIвазе ва хвезабизе гурони. Дун вачIун вуго гьезие чIаголъи щвезелъун ва гьеб гьезие гIемерго гIемерлъун букIинеги. Иоанница 10:10

Гьедин букIаниги, гIемерисезул магIна бугеб гIумруялъул хIалбихьуларо ва абадияб гIумру букIиналда ракIчIун гьечIо, щай гурелъул...
2. Инсан вуго тIабигIаталдасан мунагьал гьарулев.
Гьединлъидал гьев Аллагьасдаса ватIалъун вуго.
Киназго мунагь гьабуна.
Киназго мунагь гьабуна, Аллагьасул кIодолъиялдаса махIрумлъана. Рималъулазде 3:23
ГIарац бокьи ккола кинабго квешлъиялъул аслу... 1 Тимофейихъе 6:10
Мунагьалъул мухь буго хвел.
Мунагьалъул мухь ккола хвел... Римлянам 6:23

Библиялда бихьизабула кIиго тайпаялъул хвел:
• Черхалъул хвел .
ГIадамазе цо нухалъ хвезе ккола, хадуб суд гьабизе ккола.
• РухIияб хвел яги жужахIалда Аллагьасдаса абадияб батIалъи
Амма хIинкъарал, иман гьечIезул, риххун унел гIадамазул, чIвадарухъабазул, хъахIбачагIазул, сихIручагIи, аллагьзабазе лагълъи гьабулел ва киналго гьерсихъабазул бутIа букIине буго кIиабилеб хвелалда. Откровение 21:8

Мунагь сабаблъун инсан Аллагьасдаса ватIалъун вугони, кинаб хIалбихьи бугеб гьеб масъалаялъул? Нилъеда гIемер ракIалде ккола масъалаби тIураялъул нухал ругин: дин, лъикIал хIалтIаби, лъикIаб гIамал-хасият. Амма Аллагьасул рахъалдасан цо гурони хIалбихьи гьечIо.
3. ГIиса МасихI вуго цохIого цо зобалазде нух.
Гьеб буго Аллагьасул лъазаби.
ГIисаца гьесда абуна: – Дун вуго нухги, хIакъабщинабги, гIумруги. Дидалъун гурони, щивниги инсухъе вачIунаро. Иоанница 14:6.

Нилъер мунагьазул тIубараб тамихI гьес бецIана.
Щайгурелъул МасихIги цо нухалъ хвана мунагьал чуризе, ритIухълъи гьечIезе гIоло, нилъ Аллагьасухъе рачине, черхалдалъун чIвана, амма РухIалъ чIаголъизавуна.
МасихIил биялдалъун нилъ хвасар гьаруна ва нилъер мунагьалги чурун руго. Эфесазде 1:7.
Гьес рагIи кьун буго абадияб гIумру кьелилан.
Васасда божарав чиясе абадияб гIумру буго, Васасда божуларев чиясе гIумру бихьуларо. Амма Аллагьасул ццин бахъинабизе буго гьесда тIад. Иоанница 3:36
Мунагьалъул мухь буго хвел. Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIидалъун Аллагьас кьолеб буго абадияб гIумру. Рималъулазде 6:23

4. Нилъ хвасарлъизе ккани, ГIиса Масигьида божизе ккола.
Аллагьасул баркаталдалъун нилъ хвасарлъана ГIиса МасихIида божи-иман лъеялдалъун.
Аллагьасул баркаталдалъун хвасарлъана нуж божи-иманалдалъун. Гьебги нужецаго гуро, Аллагьасул сайигъат буго. Эфесазде 2:8—9.
БетIергьанасул цIар рехсаравщинав чи хвасарлъила. Рималъулазде 10:13

Мунагьчиясул дугIа
Божи-имангун дугIа гьабе.
ТIадегIанав ГIиса, кIудияб баркала дуе дун вокьиялъухъ. МукIурлъула дун мунагьал гьарулев чи вукIиналъе ва дудаса тIаса лъугьаян гьарула. Баркала дуе хъанчида ван хвеялъухъ, вукъиялъухъ ва дир киналго мунагьал чуризе хвауралъуса вахъиналъухъ. Дица дуда божилъи гьабула дир ТIадегIанав ва Хвасар гьавурав хIисабалда. Дица къабул гьабула дур абадияб гIумруялъул сайгъат ва дица дирго гIумру духъе кьола. Дур киналго амруял тIуразе ва мун разилъизе кумек гьабе дие. Амин.

ГIиса Масигьида божилъи гьабулеб букIарабани, нужее гьадинаб лъугьа-бахъин ккана:
• Гьанже, нужее Аллагьасда аскIоб абадияб гIумру щвана.
Дун витIарав Аллагьасе амру буго: дир Вас вихьаравщинав ва гьесда божаравщинав чиясе абадияб гIумру насиблъи.
Иоанница 6:40
• Дур киналго мунагьал чурун руго ва тIаса лъугьун руго.
(цебе букIараб, гьанжесеб, букIинесеб)
Амма ГIиса абадиялъго мунагьал чуризе цо нухалъ къурбанги кьун, Аллагьасул кваранаб рахъалда гIодов чIана. Ибрагьимил 10:12
• Нуж руго Аллагьасда цебе цIияб махлукъат. Гьеб ккола дур цIияб гIумруялъул байбихьун.
МасихIида цолъун вугев чи ккола цIияв чи. Гьале кинабго цIилъун буго. 2 Коринфиязде 5:17
• Мун лъугьана Аллагьасул лъимерлъун.
Амма гьев къабул гьавуравщинасеги, жиндир цIаралда иман лъуразеги, гьес ихтияр кьуна Аллагьасул лъималлъун лъугьине.

ЛъикIал ишал ккола нилъ хвасарлъизе нух гуреб, нилъ хвасарлъиялъул хIужа яги пихъ.
Аллагьас нилъ рижарал руго МасихI ГIисадалъун, Аллагьас цебеккунго хIадурарал лъикIал ишал гьаризе. Эфесазде 2:10
Сахго рукIа!